

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonesia téh nagara nu kasohor beunghar ku sélér bangsa jeung budaya. Sakabéh kabeungharan budaya kudu dimumulé, diriksa, jeung dimekarkeun sangkan bisa manjang. Kabudayaan nyaéta kabiasaan hiji masarakat nu ditepikeun sacara turun-tumurun ti generasi ka generasi. Hal ieu luyu jeung pamadegan Koentjaraningrat (Suparto, 2007:39) yén kabudayaan téh mangrupa sakabéh gagasan jeung karya nu kudu dibiasakeun kalayan diajar sacara maluruh tina hasil budi pekerti.

Unggal unsur kabudayaan ngawujud jadi tilu wujud kabudayaan nu ngawengku 1) *ideas*, 2) *activities*, jeung 3) *artifacts* (Koentjaraningrat, 2009:150). *Ideas* nyaéta wujud kabudayaan salaku kumpulan gagasan, ide, norma, papagon-papagon, jeung sajabana. *Activities* nyaéta wujud kabudayaan salaku kompléks aktivitas jeung tindakan manusa disabudeureun masarakat. *Artifacts* nyaéta wujud fisik kabudayaan nu ngawujud dina pakakas-pakakas jieunan manusa.

Dumasar kana pamadegan di luhur, katitén yén sagala rupa pamikiran-pamikiran, laku lampah, jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakatna kaasup kana kabudayaan-kabudayaan bisa diwincik jadi kabudayaan matéril jeung nonmatérial. Ari nu dimaksud budaya matéril nyaéta hasil cipta, rasa, jeung karya manusa nu katempo hasilna jeung katempo bengkeuleukanna kayaning gedong, imah adat, upacara adat jeung sajabana. Sedengkeun nu dimaksud budaya nonmatéril nyaéta hasil cipta, rasa, karya, jeung karsa manusa nu euweuh bengkeuleukan wujudna kayaning adat-istiadat, pangaweruh, sistem kapercayaan jrrd (Rosdiana, skripsi 2012:2).

Dina upacara adat nyangkaruk aturan-aturan nu wajib diturut jeung dilaksanakeun ku masarakatna. Ieu aturan-aturan tumuwuh kalayan turun-tumurun. Ku kituna, ieu upacara adat mangrupa pranata sosial nu miboga pungsi

Migi Isna Januar, 2014

Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun jadi kontrol-sosial kana perilaku atawa campur gaul di masarakat. Salaku pranata sosial, upacara adat pinuh ku simbol-simbol nu mangrupa alat komunikasi manusa, nu nyambungkeun dunya nyata jeung dunya goib. Dina hirup kumbuh di masarakat, sacara teu sadar manusa nyiptakeun lambang-lambang salaku hasil kabudayaanna pikeun komunikasi jeung papada manusa. Rupa-rupa wangun lambang nu mangrupa hasil tina kabudayaan salasahijina nyaéta aya nu disebut upacara adat. Jawa Barat mangrupa salasahiji wewengkon nu miboga unsur budaya. Di antarana aya rupa-rupa kasenian, upacara adat, jeung sajabana nu mangrupa bagéan tina kabudayaan nasional. Upacara adat mangrupa bagéan integral tina kabudayaan masarakat. Upacara ieu bakal tumpur saupama teu miboga pungsi. Rojongan ti masarakat bakal aya salila éta upacara adat bisa nyumponan pangabutuh masarakatna boh individu boh sacara kelompok. Ieu upacara bakal laksana saupama aya gawé bareng ti masarakat, nepi bisa ngaraketkeun rasa solidaritas papada anggota masarakat.

Upacara adat miboga cicirén budaya nu hakiki, gambaran beungkeutan hiji bangsa nu mampuh ngajaga tur ngamumulé ragam budaya. Salasahiji kabeungharan seni budaya di Kota Bandung nu masih kénéh aya nyaéta tradisi Ngaruat nu aya di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung. Kampung Cirateun nu aya di tungtung bagéan Kota Bandung belah tonggoh, mangrupa hiji modél Kampung wisata di Jawa Barat nu miboga kabeungharan seni budaya, adat-istiadat, jeung tradisi nu luhung. Ieu upacara matuh diayakeun sataun sakali kurang leuwih dua poé ti mimiti tatahar nepi ka réngséna. Warga masarakat Kampung Cirateun masih kénéh nyekel pageuh adat tradisi, hususna nu aya hubunganna jeung upacara atawa tradisi Ngaruat nu disebutna Ngaruat Cobleng. Dina ieu upacara sok diasupkeun kasenian-kasenian tradisional has Jawa Barat samodél Pencak Silat, Jaipongan, Kuda Lumping, jeung Ketuk Tilu.

Tradisi Ngaruat di Kampung Cirateun, masih kurang dipikawanoh ku masarakat Cirateun sorangan. Lantaran ieu tradisi Ngaruat katilep ku kasohorna

Migi Isna Januar, 2014

Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kabudayaan-kabudayaan nu leuwih modern. Buktina, saupama diayakeun upacara Ngaruat Cobleng, jarang pisan pamuda-pamudi nu ilu-biung kana ieu upacara, padahal ieu upacara ngaruat téh kalintang penting pikeun kahirupan di masarakat Kampung Cirateun hususna. Dina tradisi Ngaruat Cobleng nyangkaruk ajén-inajén nu kalintang penting pikeun dipikawanoh jeung diteuleuman. Kusabab kitu, kudu aya tarékah nu tangtu pikeun ngajaga tur nanjeurkeun kabeungharan budaya, di antarana kudu dipikawanoh ku masarakatna. Tradisi Ngaruat Cobleng penting pikeun dipikawanoh ku masarakat luar, lantaran aya ajén-inajén nu nyangkaruk dina tradisi ngaruat Cobleng. Cobleng numutkeun masarakat kampung Cirateun nyaéta tempat cai atawa wadiah cai nu diartikeun salaku tempat karaharjaan. Tarékah ngawanohkeun tradisi Ngaruat Cobleng bisa ngaliwatan media sakola. Ku nu nalungtik ieu panalungtikan téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran pikeun ngawanohkeun tradisi has kampung Cirateun nyaéta Tradisi Ngaruat Cobleng. Nu nalungtik méré ieu judul panalungtikan téh nyaéta “*Tradisi Ngaruat Cobleng di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII*”. Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh sarta jadi bahan érongeun kana upacara adat nu aya ditatar Sunda, hususna tradisi Ngaruat.

Tina sawatara skripsi nu geus dibaca, aya sawatara skripsi anu medar ngeunaan tradisi ngaruat sarta medar ngeunaan ulikan sémiotik di antarana: “Ajén Falsafah dina Simbol-simbol Upacara Ruatan Bumi di Désa Parakan Garokgék Kecamatan Kiara Pedes Kabupaten Purwakarta”, ku Asep Johan Komala (2007); “Simbol-simbol dina Upacara Tradisi Guar Bumi di Blok Kampék Désa Salawana Kecamatan Dawuan Kabupatén Majaléngka pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII”, ku Euis Nur Amalia (2013); “Ajén falsafah dina Simbol-simbol Tradisi Hajat Makam di kampung Kawunganten Babakan Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang (Ulikan Struktural Sémiotik)”, ku Deasy Hapsari Suciati (2012); “Fungsi Simbol Dina Upacara Salametan Solokan Cobleng di Kampung Cirateun Kecamatan Sukasari

Migi Isna Januar, 2014

Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kodya Bandung”, ku Ganjar Anoegrah (2008); “Simbol Budaya anu Nyampak dina Tradisi Sambil Séréh Sabada Ngalahirkeun di Kampung Cikonéng Langkob Désa Alam Éndah Rancabali Kabupatén Bandung”, ku Fany Oktavia (2010); “Ajén Falsafah nu Aya dina Simbol-simbol Prosés Hatam Al-quran dina Upacara Kawinan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi”, ku Risna Septiani (2008); jrrd.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dina ieu panalungtikan baris dipedar ngeunaan tradisi ngaruat lembur di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung. Luyu jeung kasang tukang masalah nu geus dipedar, pasualan nu aya dina ieu panalungtikan téh baris diidéntifikasi saperti ieu di handap.

- 1) Kaayaan sosial budaya masarakat Kampung Cirateun nu geus sarwa modern sarta pamikiran-pamikiran masarakatna nu geus sarwa logis, ngalantarankeun loba masarakat nu teu pati maliré kana tradisi-tradisi nu aya, kaasup kana tradisi ngaruat lembur.
- 2) Loba masarakat nu nganggap yén tradisi ngaruat lembur téh geus teu luyu jeung kamekaran jaman kiwari.
- 3) Loba masarakat nu teu apal kana asal muasal (sajarah) ayana tradisi ngaruat lembur, prak-prakanna, pungsi jeung tujuanna, simbol-simbol, ajén-inajén, sarta ma’na-ma’na nu nyampak dina éta tradisi. Ku kituna, loba masarakat nu ukur sailu-iluna dina ngalaksanakeun éta tradisi.
- 4) Tradisi ngaruat dina jaman kiwari geus aya parobahan ti mangsa ka mangsa, bahan-bahan nu digunakeunna gé geus jarang lengkep.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah patalékan ieu di handap.

Migi Isna Januar, 2014

Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Kumaha sajarah jeung kamekaran upacara tradisi ngaruat Coblong di Kampung Cirateun?
- 2) Kumaha runtuyan sarta prak-prakanna tradisi ngaruat Coblong di Kampung Cirateun?
- 3) Naon maksud jeung tujuan upacara ngaruat Coblong?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi ngaruat lembur pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah nu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho tradisi ngaruat lembur di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kaayaan unsur sosial masarakat Kampung Cirateun;
- 2) kasang tukang ayana tradisi ngaruat Coblong di Kampung Cirateun;
- 3) runtuyan sarta prak-prakanna tradisi ngaruat Coblong di Kampung Cirateun; sarta
- 4) larapanna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi ngaruat Coblong pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis hasil tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngabeungharan hasil panalungtikan sarta méré pangaweruh ngeunaan tradisi ngaruat atawa ruwatan.

Migi Isna Januar, 2014

Tradisi Ngaruat Coblong Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat praktis tina ieu panalungtikan bisa katitén saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik sarta masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi lokal nu aya di masarakat Sunda, hususna ngeunaan tradisi ngaruat lembur.
- 2) Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda di SMA kelas XII.
- 3) Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran jeung nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi ngaruat lembur, sarta bisa méré motivasi ka siswa pikeun ngarojong usaha ngariksa budaya Sunda.

1.5 Rangkay Tulisan

Sistematika atawa raraga tulisan anu digunakeun dina nulis ieu skripsi téh sacara gurat badag kabagi jadi lima bab, nya éta saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan sub judul nyaéta kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta struktur raraga tulisan.

BAB II Kajian Pustaka, nyaéta ngeunaan tatapakan tiori anu medar ngeunaan kabudayaan, upacara adat, tradisi, jeung bahan pangajaran.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina husus medar ngeunaan lokasi panalungtikan, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV medar ngeunaan tradisi ngaruat Cobleng di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII.

BAB V kacindekan jeung saran, nyaéta salaku bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina ieu skripsi. Dina ieu bab ngawengku kacindekan jeung saran.

Migi Isna Januar, 2014

Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu